

## CHOICE HOME EQUITY LINE OF CREDIT (CHELOC)

Chwa Liy Kredi Ekite Kay (CHELOC)



**AVÈTISMAN:** Eleman debaz pwodwi oswa sèvis sa a disponib sèlman an Anglè: pa egzanzp, dokiman kontra yo, divilgasyon legal yo, epi kominikasyon sèvis ki gen rapò ak pwodwi oswa sèvis la pral bay epwi yo dwe egzekite (kote li ta dwe aplike a) an Anglè. PNC fè efò pou l ofri anpil sèvis sipò lang, men tanpri fòk ou konnen anjeneral pwodui oswa sèvis la pral akonpli epi sèvi an Anglè. Tèm ak kondisyon prodwi PNC yo estandadize: byenke kondisyon yo ka varye selon reyalite aplikasyon an (sa gen ladan de karakteristik prodwi kliyan chwazi a), admisyon varyasyon yo deja detèmine pakonsekans anplwaye PNC yo pa gen oken otorite pou yo negosye tèm varyasyon an avèk oken moun.

### Resous Lang PNC

Tanpri gade nan [PNC.com/Language](https://www.pnc.com/Language) pou jwenn enfòmasyon anplis sou Sipò ki disponib pou Lang.

### CHWA LIY KREDI EKITE KAY

Ou ka itilize yon Chwa Liy de Kredi sou Kay pou w repara kay ou, refinance ipotèk/mògedj la, oubyen itilize kòb ou genyen sou kay la pou w konsolide dèt ou.



## Karakteristik Prensipal yo

Si w aplike epi yo approve w pou yon CHELOC nan PNC, enfòmasyon ke n pral site la yo ap aplikab pou kont sa a:

- **Mògedj.** PNC pral mete yon arè (yo rele sa tou “ipotèk”/mògedj) sou kay la nan montan limit kredi maksimòm nan. Dokiman ipotèk/papye mògedj ou pral siyen an se yon akò oubyen kontra ant ou menm ak PNC ki pèmèt ou prete lajan ki garanti ak kay sa a. **Li bay PNC dwa pou l pran kay sa a si w pa remèt lajan w te prete a.**
- **Dire.** Dire de tan CHELOC la gen ladan l nan genyen de pati.
  - Premye pati a se peryòd Tiraj la, sav le di pandan peryòd sa a ou ka pran kash avans nan CHELOC la jiska montan limit maksimòm de kredi yo pèmèt ou a. Pou pran kash avans sou CHELOC sa a, ou ka vizite yon ofis lokal, ou ka itilize ak chèk yo te bay yo, oubyen ak lòt metòd ankò PNC ka bay. Pandan peryòd Tiraj la, kòm ou ka repeye tout balans prensipal la, nou pral mete kredi sa a disponib pou w ka kontinye itilize pandan peryòd Tiraj la.
  - Aprè peryòd Tiraj la fini, CHELOC la ap antre nan dezèm faz la, ki se peryòd Ranbousman an. Pandan peryòd Ranbousman an ou pa kapab pran kash avans ankò.
- **Limit Maksimòm Kredi a.** Kont ou a pral gen yon limit de kredi, ki se montan oubyen kantite de kredi maksimòm ke PNC etabli pou ou. Ou ka tire nan kont la jiskaske ou rive sou kredi maksimòm nan pandan peryòd Tiraj la.
- **To pousantaj anyèl (APR).** Yon To pousantaj anyèl se yon mezi pri sa koute nan prete lajan. APR la refleto enterè chak jou, ki eksprime sou fòm yon to chak ane. APR sou CHELOC la pa gen ladan lòt frè apa enterè.
- **To Varyab la.** APR ki aplikab pou CHELOC la varye epwi li baze sou To Preferansyèl Wall Street Journal la plis yon maj. Pratikman, APR lan ka chanje chak mwa, dapre chanjman nan To Preferansyèl la oubyen makèt la. To a p ap janm depase 24% ni mwens pase 2.25%.
- **Pati To Fiks yo.** Pandan peryòd Tiraj la, ou ka anmezi fèmen tout oswa yon pati nan balans prensipal la nan yon To Fiks nan yon montan pa mwens ke \$5,000, pou yon dire de tan ki se 5-30 ane. On fwa ke yon pati To Fiks la etabli, APR aplikab la pou pati sa a p ap varye ankò. Ou pral peye yon frè transfè balans chak fwa ou etabli yon Pati To Fiks.
- **Deklarasyon/rapò chak mwa.** Ou pral resewa yon deklarasyon bòdwo chak mwa ki gen enfòmasyon enpòtan sou kont la. Ou dwe li chak rapò/bòdwo sa yo avèk anpil atansyon. Li pral gen ladan balans prè a, peman minimòm ki dwe peye a, dat peman minimòm lan dwe fèt pou pli ta epwi lòt enfòmasyon enpòtan sou kont sa a.
- **Peman chak mwa yo.** Ou pral oblije fè peman chak mwa sou CHELOC sa a. Peman chak mwa yo pral kalkile dapre montan prensipal ki poko peye a epwi enterè ki akimile/anpilye yo pandan peryòd bòdwo a. Obligatwaman, ou dwe peye chak mwa nan dat dèle ki sou deklarasyon bòdwo/rapò a pou evite yon frè pou peye an reta.
- **Rabè nan To.** Ou gendwa kalifye pou yon rabè sou to enterè w si ou fè aranjman pou w peye otomatikman sou yon kont depo w genyen nan PNC ki kalifye.
- **Frè Kloti.** Pou louvri yon kont la, ou dwe peye kèk frè bay kèk konpayi nou asosye. Frè sa yo varye depann de ki Eta/depatman an epwi tou ak gwosè/fòs liy a. PNC ap peye kèk frè ak konpayi nou asosye yo pou ou ak kondisyon ke, w ranbouse nou frè sa yo si w fèmen kont la nan lespas de twa zan apre dat ou louvri kont la. (Pa aplikab nan Texas)

(swit)

- **Frè Anyèl.** Ou pral peye yon frè anyèl pou chak ane kont la ouvri pandan peryòd tiraj la. (Pa aplikab nan Texas)
- **Lèt Frè ankò.** PNC ka chaje w lòt frè si w pa respekte kondisyon ki nan kont sa a, sa genyen ladan l yon frè pou reta si w peye an reta apre dat limit la oubyen yon frè si w depase limit de kredi yo ba w la. Frè ki aplikab yo divilge nan akò ak kondisyon kont la ak nan divilgasyon ouvèti kont la l.
- **Dwa pou Anile/Kanpe.** Lwa federal egzije yon peryòd de 3 jou apre ouvèti kont la avan yo fè lajan an disponib pou ou, CHELOC la garanti ak kay prensipal ou a. Pandan peryòd sa a, ou gen dwa pou w anile/kanpe CHELOC la san okenn obligasyon.
- PNC ka rapòte aktivite peman w bay ajans rapò sou kredi yo jan lalwa egzije sa.

#### **Kijan Pou Jwenn yon Konseye Lojman ki aprouve HUD Ki Pale Lang Prefere w la san problem**

- Ou ka jwenn yon lis Konseye Lojman approve HUD nan zòn ou an nan <http://www.hud.gov/offices/hsg/sfh/hcc/hcs.cfm>.
- Antre zipkòd ou epi seleksyone/chwazi lang prefere w la nan meni dewoulan an.
- Oswa, rele HUD nan 800-569-4287 pou yo ede w jwenn yon konseye.

PNC ak PNC Bank a se mak depoze The PNC Financial Services Group, Inc.



©2024 The PNC Financial Services Group, Inc. Tout dwa rezève.

PNC Bank, National Association.